# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–19 मार्च 2025** **भोजपुरी समाचार**

सरकार बरिस दुइ हजार पैंतीस ले भारत अंतरिक्ष स्टेसन नांव से आपन अंतरिक्ष स्टेसन बनावे क योजना बनवले हौ अउर जो त सब कुछु सही रही त बरिस दुइ हजार चालीस ले एगो भारतीय अंतरिक्ष यात्री चांद पर होई। प्रधानमंत्री कार्यालय में राज्य मंत्री डॉक्टर जितेन्द्र सिह आजु लोकसभा में पूरक सवाल के जबाब में ई जनकारी दिहलें।

***चंद्रयान एक पहला ऐसा हमारा मिशन रहेगा जो दो लॉन्च व्हीकल से छोड़ा जाएगा उसके पांच कंपोनेंट रहेंगे। तीन एक तरफ, दो एक तरफ और डॉकिंग–अन डॉकिंग जिसकी थोड़ा बहुत अनुभव स्पेडेक्स से भी हुआ है, उसको बार बार करके और अधिक अनुभव और क्षमता हासिल करने का प्रयास रहेगा।***

श्री सिंह कहलें कि येह सालि के आखिर ले एगो महिला रोबोट के साथे गगनयान क परीक्षण उड़ान सुरू कइल जाई।

**********

भारतीय मूल क अंतरिक्ष वैज्ञानिक सुनीता विलियम्स अउर उनकर साथी के अंतरराष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेसन से आजु भिन्नहीं सुरक्षित वापसी पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ स्पेसएक्स, नासा अउर उनके पूरे टीमि के बधाई दिहले हवें। एगो सोसल मीडिया सनेसा के जरिया से मुख्यमंत्री कहलें हवें कि अंतरिक्ष यात्री अपने दृढ़ता, समर्पण अउर कब्बो हारि न मनले के भावना से सबके प्रेरित कइले हवें। ई उल्लेखनीय उपलब्धी मानवीय भावना, साहस अउर प्रतिबद्धता क मजबूत प्रमाण हौ। ओहीं, उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक कहलें कि पूरा दुनिया सुनीता विलियम्स के टेलीविजन के जरिये अपने आंखी से देखले हौ।

**अंतरिक्ष विज्ञान के क्षेत्र में बहुत बड़ा काम उन्होंने किया है। मैं उत्तर प्रदेश वासियों की तरफ से उनको बहुत बहुत बधाइर्या और शुभकामनाएं देता हूं। भारत की बेटी का जो परचम है पूरी दुनिया ने देखा, किस ढंग से भारत की बेटियां हर क्षेत्र में काम कर रही हैं।**

ओहर, अजोध्या में सुनीता विलियम्स क बढ़ियां स्वास्थ्य के ले के विधि–विधान से हवन कई के मंगल कामना कइल गइल।

**********

आईएसआई खातिर जासूसी के आरोप में यूपी एटीएस आजु कानपुर आर्डिनेंस फैक्ट्री क एगो करमचारी के गिरफ्तार कइले हौ। एटीएस के मोताबिक आरोपी करमचारी फिरोजाबाद आर्डिनेंस फैक्ट्री से पछिला दिन्न गिरफ्तार कइल गइल रविंद कुमार के सम्पर्क में रहल। आरोपी कानपुर ऑर्डिनेस फेक्टरी में रोजाना होखे वाला उत्पादन, अटेंडेंस, ओइजा उपलब्ध मसीनिन के विवरण के सथहीं कई गो अहम जनकारी पाकिस्तान में बइठलि हैंडलर नहा शर्मा के देत रहल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में लाल बहादुर शास्त्री भवन स्थित सीएम कमांड सेंटर क निरीक्षण कइ के सम्बन्धित अधिकारियन के जरूरी दिसा निरदेस दिहलें। श्री योगी विभागन के उच्चाधिकारियन से कहलें कि खाली तीनि श्रेणी–ए, बी अउर सी के तहत विभागन अउर योजनन क मॉनिटरिंग कइल जाये के चाही। एहमें जिला स्तर पर रोजाना, अल्टरनेट दिनन में, साप्ताहिक अउर पाक्षिक समीक्षा कइल जाये के चाही। एकरे बादे के महिन्ना में एक बेरि मंत्री स्तर पर समीक्षा कइल जाए अउर सज्जो रिपोर्ट मुख्यमंत्री कार्यालय में प्रस्तुत कइल जाए। मुख्यमंत्री ओरासति अउर लैण्ड यूज जइसन सुविधा के निरधारण में समय–सीमा क पालनो कइले पर जोर दिहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने से दुइ दिन के दौरा पर बलरामपुर के देवीपाटन मंदिर पहुंचिहें। येह मौका पर श्री योगी तीस मार्च से सुरू हो रहल देवीपाटन मेला क तइयारियन के ले के अधिकारी लोगिन के साथे मंदिर परिसर में समीक्षा बइठकी करिहें। एकरे बाद मुख्यमंत्री मां पाटेश्वरी क दरसन–पूजनों करिहें। राति बिसराम के बाद अगिला दिन्ने उहां के अजोध्या खातिर रवाना हो जाइबि।

**********

यूपी बोर्ड क दसवीं अउर बारहवीं के विद्यार्थियन के कापियन क जांचि आजु से प्रदेस के दुइ सौ एकसठ केन्द्रन पर सुरू हो गइल। सीसीटीवी कैमरा के निगरानी में कापी जांचल जा रहल हौ। सज्जो मूल्यांकन केन्द्रन पर वॉयस रिकॉर्डर के सथहीं सीसीटीसी कैमरा लगावल गइल हौ। बोर्ड मुख्यालय से मूल्यांकन केन्द्रन क सजीव निगरानी कइल जा रहल हौ। पनरह दिन ले करीब तीनि करोड़ कापी जांचल जाई।

**********

नगर पालिका क्षेत्र कुशीनगर में छौ करोड़ एकतीस लाख रूपिया के लागति से सुन्दरीकरण करावल जाई अउर कई गो विकास क कार होई। कुशीनगर क विधायक पीएन पाठक के प्रस्ताव पर सासन येह धनरासि के मंजूरी दे दिहले हौ। विधायक बतवलें कि सासन की ओरि से पहिला किस्ति के तौर पर करीब अढ़ाई करोड़ रूपिया क धनरासि जारी कइ दिहल गइल हौ। उहां के बतवलीं कि वन्दन योजना के तहत विधानसभा में खरदर माता स्थानो क सुन्दरीकरण करावल जाई।

**********

मौसम विज्ञान विभाग आजु अउर आवे वाला तीनि दिन ले पूरबी उत्तर प्रदेस में कुछु जगहिनि पर बरखा अउर गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ। येह दौरान विभाग के ओरि से कहीं–कहीं गरज के साथे–साथ बज्रपातो क चेतावनी दीहल गइल हौ।

**********